

# Rete an sekirite kont lawoujòl: Konnen Reyalite yo

Lawoujòl ka danjere, sitou pou ti bebe ak timoun piti. Li pi kontajye plis pase lòt viris.

Lawoujòl souvan kòmanse ak lafyèv, nen k'ap koule, tous, je wouj, ak tach blan nan bouch la. Plizyè jou apre, yon gratèl wouj kòmanse soti nan figi a, deplase desann nan rès la nan kò a.

Lawoujòl ka lakoz yon enfeksyon nan poumon grav ki rele nemoni, enflamasyon sèvo yo rele ansefalit, efè alontèm, entènè lopital, ak lanmò.

## Ki jan lawoujòl pwopaje?

Lawoujòl pwopaje lè ou bò kote yon moun ki gen lawoujòl ki touse, etènye, oswa jis respire. Lawoujòl ka gaye anvan yon moun ki gen lawoujòl gen yon gratèl epi apre sentòm yo fini. Jèm yo ka dire nan yon chanm pou de zè de tan apre yon moun ki gen lawoujòl te kite espas la.

## Ki pi bon pwoteksyon kont lawoujòl?

Pran vaksen! Seri vaksen MMR rekòmande a 12-15 mwa epi ankò lè yon timoun vin gen 4 lane. Tibebe ki gen plis pase 6 mwa ta dwe pran yon dòz vaksen MMR anvan yo wwayaje nan yon peyi kote lawoujòl pi komen.



Apre 1 moun sou 5 ki gen lawoujòl pral entènè lopital.

1 sou chak 1,000 moun ki gen lawoujòl ap devlope enflamasyon sèvo akòz enfeksyon (ansefalit), ki ka lakòz domaj nan sèvo.



1 a 3 sou 1,000 moun ki gen lawoujòl pral mouri, menm ak pi bon swen.